Pou Piblikasyon Imedya: 24/06/2022 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL AP RAPLE PWOPRIYETÈ ZAM YO: PA GEN OKENN CHANJMAN IMEDYA NAN RÈGLEMAN SOU ZAM YO AK PWOSESIS PÈMI AN

Desizyon Tribinal Siprèm lan nan desizyon NYSRPA vs. Bruen lan pa bay detantè pèmi rezidansyèl yo kapasite otomatik pou pote zam deyò lakay

Gouvènè a prevwa sesyon espesyal pou adopte nouvo lwa ki règlemante yon fason estrik aksè sou zam a fe nan limit legal desizyon Tribinal Siprèm nan

Pou FAQ (Kesyon yo Poze Souvan) sou desizyon NYSRPA vs. Bruen lan, klike isit la

Gouvènè Kathy Hochul te soti jodi a yon rapèl bay pwopriyetè zam yo ki di desizyon Tribinal Siprèm Etazini an pou anile lwa sou pò zam kache New York la pa vle di pwosesis lisans ak règ Eta New York yo pa bezwen respekte. Li pa otomatikman bay detantè pèmi rezidansyèl yo kapasite pou pote zam deyò lakay yo. Pwopriyetè zam yo gen obligasyon dapre lalwa pou yo respekte restriksyon aktyèl yo.

Pandan administrasyon an ap revize deprè desizyon an, Gouvènè Hochul prevwa yon sesyon espesyal lejislati a pou adopte nouvo lwa ki konfòme ak desizyon Tribinal Siprèm Etazini an, pandan l ap asire tou aksè nan zam a fe yo byen règlemante. Gouvènè a ap travay deprè avèk gouvènman lokal la tou -- reyini majistra sis pi gwo vil New York yo nan jedi apremidi -- pou diskite enpak desizyon an ak opsyon sou règleman yo ke y ap konsidere.

"Pandan ke desizyon deplorab Tribinal Siprèm lan te pran pou anile lwa sou pò zam kache Eta New York la ka gen yon gwo konsekans ki laj ak pwofon, li pa aktive okenn chanjman imedya nan lwa sou lisans ak pèmi zam Eta a, ni li pa pèmèt pwopriyetè pèmi rezidansyèl yo pote zam yo deyò lakay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan ka a retounen nan tribinal enferyè a, nou ankouraje pwopriyetè zam responsab yo pou yo kontinye suiv restriksyon aktyèl yo, epi toujou mete sekirite an premye. Pandan nou desi avèk mepri ensousyan Tribinal Siprèm lan pou sekirite kominote nou yo, nou pare pou nou goumen. Mwen prevwa reyalize yon sesyon espesyal nan lejislati a kote nou pral eksplore yon pakèt opsyon lejislatif ki pral kenbe nou an konfòmite ak desizyon sa a, pandan y ap kreye yon pwosesis otorizasyon apwofondi ak estrik ki priyorize sekirite kominote nou yo. Mwen espere travay ak

lejislati a, lidè gouvènman lokal ak konte yo, ak ekspè legal yo, epi mwen p ap sispann pwoteje Nouyòkè yo pou anyen".

"Yè, Tribinal Siprèm lan te fè nou fè bak nan efò nou pou pwoteje fanmi yo ak anpeche vyolans ak zam lè li anile yon lwa New York ki limite ki moun ki ka pote zam kache. Byenke enplikasyon yo pa imedya, New York pran angajman pou li aji epi adopte yon nouvo seri lwa ki pral travay sou desizyon sa a", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Si Tribinal Siprèm lan ak gouvènman federal p ap aji pou kenbe timoun nou yo an sekirite, kidonk, New York ap fè sa".

Apèsi NYSRPA vs. Bruen

Pou klarifye enpak imedya ak alontèm desizyon an, Gouvènè Hochul ap bay tou yon apèsi jeneral sou dosye *NYSRPA vs. Bruen*, sitiyasyon aktyèl li, ki jan li afekte ak pa afekte pwopriyetè zam yo jodi a, enplikasyon alontèm posib yo, ak aksyon Eta a ap eksplore pou kenbe kominote yo an sekirite.

Nan desizyon 6-3 yo, Tribinal Siprèm lan te mete fen nan yon presedan legal 100 ane ki te egzije moun yo demontre "bon kòz" pou yo jwenn yon lisans pou yo pote yon zam afe kache. Li jije lwa Eta New York ki egziste deja kòm enkonstitisyonèl paske li bay Eta a ak ofisye lisans li yo twòp diskresyon pou yo detèmine "bon kòz". Kounye a ka a retounen nan 2yèm Tribinal Sikwi New York la—ki dwe bay yon desizyon ki an amoni ak opinyon Tribinal Siprèm lan.

Byenke desizyon Tribinal Siprèm lan gen enplikasyon alontèm, desizyon an pa gen okenn enpak imedya sou lisans oswa pèmi zam a fe. Sa vle di moun pa ka pote imedyatman yon zam a fe ki kache legalman san yo pa jwenn pèmi oswa lisans ki obligatwa nan moman an. Pou kounye a, pwosesis aplikasyon an pou jwenn yon lisans oswa pèmi pa chanje. Moun ki vle chanje estati pèmi yo pou yo jwenn yon pèmi pou "pote zam san restriksyon" dwe ranpli yon aplikasyon nan otorite lokal yo ki bay lisans ke yo deziyen. Pwopriyetè zam yo dwe kontinye suiv restriksyon aktyèl yo.

Eta a ap eksplore yon pakèt opsyon, tankou kreye restriksyon pou pote zam kache nan lokal ki sansib, chanjman nan pwosesis pèmi pou pote zam kache, mete an aplikasyon fòmasyon espesifik pou moun ki aplike pou pèmi, ak kreye yon sistèm kote biznis prive ap bezwen aplike pou egzansyon pou pèmèt pote zam kache. Tribinal Siprèm lan rekonèt ke desizyon sa a pa entèdi eta yo enpoze kondisyon lisans pou pote yon zam pòtatif nan oto-defans—osi lontan egzijans yo adapte ak limit desizyon an. Administrasyon an pral travay avèk lejislati a ak gouvènman lokal ak konte yo pou elabore yon kritè lisans ki estrik ak konplè ki adapte ak kad sa a.

Pou FAQ (Kesyon yo Poze Souvan) sou desizyon *NYSRPA vs. Bruen* lan, klike isit la.

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Opinyon Tribinal Siprèm lan di ke li baze sou sot pase istorik nasyon nou an, men li inyore reyalite prezan an epi li mete avni nou an danje. Pa gen anyen ki chanje jodi a, epi NYPD ap kontinye asire w ke si

w pote yon zam ilegalman nan Vil New York, y ap arete w. Menm si nou pa gen okenn dout ke desizyon sa a pral rann chak grenn nan nou mwens an sekirite kont vyolans ak zam, nou te prepare pou li epi n ap kontinye fè tout sa ki posib pou travay avèk patnè federal, eta ak lokal nou yo, ansanm ak majistra yo, lidè minisipalite yo, ak gouvènè lòt eta yo, pou pwoteje vil nou an. Nou p ap kite anyen san manyen pandan n ap chèche diminye domaj n ap wè a paske pa gen okenn kote nan nasyon an ke desizyon sa a afekte plis pase Vil New York. Desizyon Tribinal Siprèm sa a ka petèt ouvri yon lòt larivyè ki pral nouri lanmè vyolans ak zam yo, men nou pral travay ansanm pou mete baraj pou rivyè sa a".

Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare, “Mwen enkyè anpil pou sekirite Nouyòkè yo akòz desizyon Tribinal Siprèm lan te pran pou anile lwa eta nou an ki limite ki moun ki ka pote yon zam kache. Vyolans ak zam te monte anpil nan tout nasyon an pandan de dènye ane yo, epi desizyon sa a pral rann li menm pi difisil pou depatman lapolis nou an disène ant zam legal ak zam ilegal. Avèk youn nan pi ba pousantaj lanmò ak zam nenpòt kote nan nasyon an, li klè ke ame tèt nou avèk plis zam kache pa pral rann nou pi an sekirite. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te rasanble majistra pi gwo vil New York yo pou diskite sou enpak desizyon sa a ak solisyon potansyèl yo sou règleman, epi mwen espere travay avèk Gouvènè a, Lejislati Eta New York, ak minisipalite yo atravè Eta New York pou asire nou kenbe rezidan nou yo an sekirite".

Majistra Buffalo, Byron Brown, te deklare, "Majorite Tribinal Siprèm lan pa te konsidere lavi ak sekirite plizyè milyon moun. Nan Vil Buffalo, nou te wè dirèkteman enpak terib fiziyad an mas, ki te posib gras a aksè fasil nan zam. Vil Buffalo pral travay deprè ak Gouvènè Hochul pou fè tout sa nou kapab pou pwoteje lavi ak sekirite rezidan nou yo epi kenbe zam lwen men moun ki pa ta dwe genyen yo".

Majistra Rochester, Malik Evans, te deklare, "Vil Rochester pral travay deprè ak patnè nou yo nan Eta New York pou asire ke dènye desizyon Tribinal Siprèm sa a pa mete sekirite rezidan nou yo an danje".

Majistra Syracuse, Ben Walsh, te deklare, "Desizyon Tribinal Siprèm lan se yon retou an aryè nan sekirite zam epi li pa te kapab rive nan yon pi move moman. Nou deja gen twòp zam a fe nan lari nou yo. Ajoute plis sèlman ogmante risk vyolans ak zam. Nan Syracuse ak atravè Eta New York, moun yo bezwen rekonèt ke desizyon an pa chanje sitiyasyon ke pwopriyetè zam yo dwe swiv tout restriksyon ak pwosesis pèmi aktyèl yo. Mwen apresye kontak imedya Gouvènè Hochul avèk mwen menm ak lòt majistra yo nan jedi pou l pale de repons eta nou an te pran nan desizyon an epi felisite li dèske li asire ke New York kontinye pran yon pozisyon lidè nan fè presyon pou sekirite zam".

Majistra Yonkers, Mike Spano, te deklare, "Mwen felisite vitès ke Gouvènè Hochul te rasanble gwo vil yo pou fè sa. Nan asoupli règ yo konsènan zam, Tribinal Siprèm nan ap avanse nan move direksyon an kounye a. Nou pa ka kite Kongrè a règlemante AR-15s la, men Tribinal Siprèm nan chwazi elimine restriksyon nou genyen yo. Yonkers

kontan pou li travay avèk Gouvènè a ak lòt gwo vil yo pou fè fas ak desizyon sa a. Yonkers te toujou gen yon pousantaj krim ki ba, epi li te resamman nan nivo bès rekò. Sispann vyolans ak zam se priyorite prensipal nou, epi nenpòt bagay ki asoupli restriksyon sou zam yo pral rann travay depatman lapolis la pi difisil".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU